1630 South Congress Avenue Suite 300 Palm Springs, FL 33461 Phone: 561-514-3300

Dat:_____/ /_______

Chè Paran/Gadyen:

Felisitasyon! Lè w kontakte Early Learning Coalition Palm Beach County. Ou fè yon gwo etap nan direksyon pou siksè pitit ou an nan lekòl ak nan lavi. Child Care Resource and Referral (CCR&R) se yon sèvis GRATIS ak konfidansyèl ke yo konsidere kòm pòt devan sèvis fanmi nan Konte Palm Beach. Resous ak Referans pou Swen Timoun (CCR&R) fèt pou ede w jwenn bon jan kalite gadri abòdab ak resous kominotè. Nou sèvi tout Konte Palm Beach. Resous pou Gadri ak Referal (CCR&R) se yon sèvis GRATIS e Konfidansyèl ke nou ofri e ki konsidere kòm premye pot pou sèvi tout fanmi nan Palm Beach County an. CCR&R se yon sèvis GRATIS ki ede w jwenn asistans gadri pou pitit ou ak anpil lòt resousnan kominote a, tankou: lis gadri nan zòn ou, asistans medikal, asistans lwaye, asistans manje ak anpil lòt bezwen ke ou ka genyen. Anndan sa a wap jwenn yon lis gadri ak lòt enfòmasyon ki pral ede w fè yon desizyon enfòme konsènan opsyon swen pou timoun ou yo epi satisfè bezwen fanmi ou. Lis gadri sa a te prepare daprè enfòmasyon ou te pataje ak anplwaye nou yo. Chak fanmi ak sitiyasyon timoun yo inik e se sèlman ou menm ki ka chwazi ki pwogram ki bon pou fanmi ou.

Jan w te mande w la, se yon lis founisè ak resous ki ka ede w gide rechèch ou a. Nou te pwodwi lis la, ki baze sou enfòmasyon ou pataje a, nan baz done nou an ki gen ladann founisè ki satisfè kondisyon lisans leta ak lokal yo. Nou rekòmande ou fè omwen yon vizit anvan w chwazi yon founisè. Resous sa yo pral edew aprann plis sou founisè ou chwazi a: Lòt resous ki anba yo ap ede w konnen plis de lis gadri ki nan menw lan.

**Resous kap itil ou:**

- **PBC Department of Health Department -** Pou tcheke pwofil lisansgadri ak enspeksyon - Nan PBC Nò ou kapab rele nan 561-837- 5900, nan PBC Sid ou kapab rele nan 561-274-3187 oswa nan Belle Glade 561-983-9269, DCF (888) 352-2842 oubyen https://caressearch.myflfamilies.com/PublicSearch
- **Kondisyon Sante ak Sekirite pou founisè gadri yo :** visit https://palmbeach.floridahealth.gov/programs-and-services/environmental-health/child-care-licensing/
- **Gold Seal Quality Care** – Se yon mwayen pou yon pwogram aprantisaj (gadri) idantifye ki angaje pou bay bon kalite swen. Yon gadri ki gen yon estanda ki pi wo oswa ki depase estanda yon ajans nasyonal akreditasyon apwouve pa DCF. Pou apran plis vizite: https://www.fldoe.org/schools/early-learning/providers/gold-seal.stml
- **Akreditasyon** – Pou aprann sou sètifikasyon nasyonal ak divès kalite de gadri yovizite Approved Gold Seal Quality Care Accrediting Associations oubyen rele nan 561-514-3300.

- **Evalyasyon Timoun –** Pale ak gadri yo sou fason yo evalye aprantisaj timoun yo akdevlopman yo oubyen kontakte liy enklizyon an nan (888) 620 -9190 oubyen https://www.elcpalmbeach.org/warmline
- **Evalyasyon Pwogram** - Pou aprann kijan founisè yo evalye sou kalite entèraksyon ant pwofesè ak timoun yo, Vizite https://www.elcpalmbeach.org/class

  Oswa https://www.fldoe.org/schools/early-learning/providers/prog-assess-sr.stml oswa 561-514-3300
- **Evalyasyon Pwogram VPK**- Evalyasyon pwogram yo mezire efikasite ak entèraksyon pwofesè-timoun nan salklas la. Pou plis enfòmasyon https://www.fldoe.org/schools/early-learning/providers/prog-assess-vpk.stml oswa rele nou nan 561-514-3300
- **Kijan pou soumèt plent kont gadri yo** - https://www.myflfamilies.com/services/child-family/child-care-resources/file-child-care-provider-complaint
- **Rapò de abi** - Pou rapòte abi ke ou konnen oswa yo sispèk sou timoun, ale nan fòm DCF pou rapòte enkyetid pou timoun ki viktim https://reportabuse.myflfamilies.com/s/ oubyen rele 1-800- 962-2873

**Lot Resous kap itil ou:**

- **Early Learning Coalition Palm Beach County** 561-514-3300 www.elcpalmbeach.org
- **Division of Early Learning** https://www.fldoe.org/schools/early-learning/
- **Metrik Pèfòmans Pwogram VPK a -** https://www.fldoe.org/schools/early-learning/vpk-accountability.stml
- **Devlopman timoun - Devlopman Tès Depistaj** https://www.elcpalmbeach.org/child-development
- **Early Steps** - https://floridaearlysteps.com/ oubyen rele nan 1-800-218-0001, Florida Dyagnostik ak System Resous Edikatif https://www.fdlrs.org/ oubyen rele nan 386-312-2265 (resous pou timoun ki gen domajman oubyen ki pa tèm) oswa 561-434-8975
- **Florida Kidcare (Asirans Sante)**- http://www.floridakidcare.org oubyen rele nan 1-888-540-5437
- **Resous Kominotè** - 211 www.211.org

Si nenpòt nan lyen ki nan lèt kouvèti sa a pa louvri, tanpri kopye epi kole yo dirèkteman nan navigatè entènèt ou a.

Si ou bezwen referans adisyonèl pou gadri, resous kominotè oswa enfòmasyon sou preparasyonpou lekòl, pwogram prematènèl volontè pou timoun 4 an, zouti pou edikasyon ak evènman pou timoun, tanpri rele nou nan 561-514-3300. Ofis la ouvri Lendi-Jedi 8:00 AM – 5:30 PM. oNu disponib pa telefòn sèlman le Vandredi de 8:00AM- 12:0PM.

Mèsi dèske ou kontakte CCR&R.

______________________________

CCR&R Specialist

Si ou pa kontan de sèvis ke ou resevwa, ou ka kontakte Early Learning Coalition Palm Beach County annan

561-514-3300.

# GID POU FANMI AN

Pou Seleksyone Bon Kalite Pwogram Aprantisaj pou Timoun Piti



*Yon Gid pou Paran sou Gad Timoun*

OFFICE OF Early Learning

LEARN EARLY. LEARN FOR LIFE

# TABMATYÈ

Yon Mesaj pou Fanmi yo....................................................................1
Konbinezon “Ideyal”: Pitit Ou yo ak Anviwònman Gadri Yo a..............3
Bon Kalite Gad Timoun....................................................................5
Kategori Founisè Aprantisaj pou Timoun Piti.....................................7
Gad Timoun ki nan Laj Eskolè.........................................................11
Gad ki pa Règlemante.....................................................................12
Pwogram Edikasyon Prematènèl (VPK) Volontè..................................13
Resous Finansye............................................................................16
Head Start.....................................................................................18
Entèvansyon Bonè..........................................................................19
Ranfòse Fanmi yo...........................................................................20
Sit entènèt ak Aplikasyon pou Fanmi yo...........................................21
Resous Familyal.............................................................................23

# Yon Mesaj Pou Fanmi Yo

## Ou Dwe yon Konsomatè Entèlijan

Chwazi yon pwogram aprantisaj pou timoun piti pou pitit ou se youn nan desizyon ki pi enpòtan e ki pi difisil ke w ap janm gen pou w pran. Gid sa ap ede w fè chwa sou bon kalite pwogram ki genyen yo konsa w ap ka jwenn sa ki pi bon pou ou ak pou pitit ou a.

Vizite plizyè founisè sèvis gadri anvan w pran yon desizyon. Pandan vizit ou yo, obsève epi pale ak pale ak ni pwofesè ni timoun ki nan pwogram nan. Pwofesè yo dwe atansyone, kalifye epi byen òganize. Li règleman ak politik konsènan frè, manje, disiplin, maladi, prezans ak ijans yo. Mande pèsonèl la pou yo pale avèk ou sou sa yo panse konsènan devlòpman timoun epi sou aktivite ke yo òganize pou timoun yo chak jou yo. Mache ozalantou epi gade tout espas pwogram nan; asire w ke w renmen pwogram nan ak pèsonèl yo, epi lè sa w ap santi w kontan ak eksperyans pitit ou a ap fè ak founisè sèvis sa a.

## Fè Chwa ki Saj

Bon pwogram aprantisaj pou timoun piti a ede pitit ou a aprann nouvo konpetans epi devlope sosyalman. Chèche pou idantifye yon relasyon pozitif epi atansyone ki devlope ant pwofesè yo ak timoun yo. Asire w ke pwofesè a se yon moun ou ka pale avè l alèz epi ou ka fè l konfyans. Lè w ap antre nan gadri a oswa nan gadri familyal la, anbyans lan dwe jwaye epi san danje. Timoun yo dwe ap amize yo epi pwogram nan dwe enkli eksperyans ak aktivite ou panse ki enpòtan pou pitit ou a. Sa ki pi enpòtan nan tout sa, sèke ou vle chwazi yon pwogram kote pitit ou a ap an sekirite epi ap kontan—ak kote y ap sipòte ide w genyen yo sou fason w ap elve pitit ou a.

## Fè Rechèch Ou

Se yon bon ide pou w vizite twa oswa plis ke twa pwogram aprantisaj pou timoun piti pandan omwen 30 minit yo chak. Si sa posib, mennen pitit ou a avèk ou epi pa ezite poze kesyon. Itilize Lis Kontwòl Kalite a pou konsèy sou kisa pou w veye pandan vizit ou a. Si sa posib, vizite founisè sèvis la yon dezyèm fwa. Mande referans epi pale ak paran timoun ki deja ap patisipe pwogram nan.



## Pran yon Desizyon ki Eklere

Menm jan ak tout paran, ou vle yon pwogram k ap kenbe pitit ou a an sante, an sekirite epi kontan. Anvan w pran yon desizyon final, tcheke sitwèb eta a ki gen enfòmasyon sou lisans pou gadri, https://cares.myflfamilies.com/PublicSearch, pou w jwenn enfòmasyon sou enspeksyon sou nenpòt pwogram otorize ke w ap konsidere chwazi.

## Kijan pou Itilize Sèvis Resous ak Referans pou Gad Timoun

Tout fanmi ka resevwa èd nan fè rechèch ak seleksyone pwogram ki reponn ak bezwen yo pi byen yo. Resous ak Referans pou Gad Timoun (Child Care Resource and Referral, CCR&R) se yon sèvis gratis ke kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti lokal ou a founi. Yon pèsonèl kalifye ka reponn kesyon w yo konsènan chwa pi bon pwogram aprantisaj pou timoun piti pou fanmi w, ba w yon lis gadri ki pèsonalize selon preferans ou epi ofri w referans ak enfòmasyon sou lòt sèvis ki disponib nan kominote w la. Èd yo disponib nan telefòn, an pèsòn oswa pa imèl. Pou w lokalize kowalisyon pou aprantisaj timoun piti w la, kontakte Liy Familyal Apèl Gratis biwo rezo CCR&R eta a nan 1-866-357-3239 (TTY: 711), oswa jwenn enfòmasyon pou kontak yo sou entènèt la sou www.FloridaEarlyLearning.com/coalitions.

## Pwogram Aprantisaj Enklizif pou Timoun Piti

Pwogram aprantisaj enklizif pou timoun piti yo etabli pou founi yon kad edikatif kote tout timoun, kèlkeswa kapasite yo, kapab patisipe nan yon ansanm aktivite divès ki sipòte kwasans yo ak devlòpman yo. Yon bon kalite pwogram aprantisaj enklizif pou timoun piti dwe prezante tout egzijans ke nou site pou defini pwogram gad timoun ki gen bon kalite yo. Paran timoun ki gen andikap yo, ki gen reta nan devlòpman yo oswa ki bezwen swen sante espesyal yo dwe chèche yon pwogram ki reponn ak bezwen endividyèl pitit yo a ak fanmi yo. Kontakte kowalisyon aprantisaj pou timoun piti w la pou w jwenn sèvis ki nan kominote w yo. Pou w lokalize kowalisyon pou aprantisaj timoun piti w la, kontakte Liy Familyal Apèl Gratis biwo rezo CCR&R eta a nan 1-866-357-3239 (TTY: 711), oswa jwenn enfòmasyon pou kontak yo sou entènèt la sou www.FloridaEarlyLearning.com/coalitions.

# Konbinezon "Ideyal": Pitit Ou Yo Ak Anviwònman Gadri Yo A

Timoun yo gen diferan fason yo konpòte yo ak lòt yo. Kijan pitit ou a renmen pase tan l epi kijan li aji? Fè ansòt estil yon pwogram aprantisaj pou timoun piti koresponn ak tanperaman pitit ou a. Pa bliye, pa gen ni bon ni move tanperaman oswa pèsonalite pou pitit ou a genyen. Lè w konprann nivo aktivite pitit ou a ak karakteristik pèsonalite li, sa ap ede w jwenn pi bon pwogram aprantisaj pou timoun piti pou pitit ou a ak pou fanmi an.



## Kijan pitit ou a reyaji fas ak mond lan?

| Gen Gwo Reyaksyon | Gen Reyaksyon Fèb |
|---|---|
| Li eksprime santiman l yo sanè rezèv | Li jwe trankil, li apèn fè rechinya epi li dòmi anpil |
| *Chèche yon gadyen/gadyèn ki pou ede pitit ou a eksprime emosyon li nan yon fason ki pi kontwolab.* | *Chèche yon pwofesè ki entwodui nouvo aktivite pou timoun nan tou dousman.* |

## Ki degre aktivite fizik pitit ou a fè?

| Anpil Aktivite | Pa Anpil Aktivite |
|---|---|
| Li toujou an mouvman, li eksplore ak mouvman kò l | Li chita byen trankil, li eksplore avèk sans li yo |
| *Chèche yon pwogram ki ofri atansyon endividyèl, mwayen pou eksplore san danje epi ki gen anpil jwèt fizik.* | *Chèche yon gadyen/gadyèn ki pou angaje pitit ou a nan aktivite sansoryèl (wè, manyen, santi, goute epi tande).* |

## Nan ki degre pitit ou a sosyab?

| Trè Sosyab | Pa twò Sosyab |
|---|---|
| Li renmen rankontre nouvo moun epi li pi kontan lè li ap entèraji ak lòt moun | An jeneral, li timid epi li rezève lè li nan mitan moun li pa konnen epi li bezwen anpil tan pou l santi l alèz ak nouvo moun |
| *Chèche yon pwogram ki gen opòtinite pou pitit ou a jwe an gwoup.* | *Chèche yon pwogram ki pèmèt pou pitit ou a vin konfòtab nan rit pa l.* |

## Kijan pitit ou a jere chanjman?

| Gwo Nivo Tolerans | Nivo Tolerans ki Ba |
|---|---|
| Chanjman pa deranje l, li adapte l byen fasil epi li jere fristrasyon trè byen | Li trè sansib parapò ak chanjman, li kontrarye lè yo deranje woutin chak jou yo,  epi li fristre fasil e sa deranje l lè gen chanjman |
| *Chèche yon pwogram ki gen gwoup timoun ki gen diferan laj ki ofri defi ak gwo nivo estimilasyon souvan.* | *Chèche yon pwogram ki gen gwoup timoun ki gen menm laj ak woutin ki kon-sistan ki sipòte endepandans pitit ou a.* |

## Ki estil pèsonèl pitit ou a?

| Li Ka Adapte l/Li So-syab | Li Pridan/Li pran tan anvan pou l reseptif parapò ak lòt moun | Li Antouzyas/Li Enèjik |
|---|---|---|
| – Fleksib<br>– Li apwoche nouvo moun/ nouvo sitiyasyon ak fasilite<br>– Li pa gen pwoblèm ak tranzisyon | – Li renmen reflechi<br>– Li pridan nan nouvo anviwònman/ak nouvo moun<br>– Gen difikilte pou adapte l ak tranzisyon | – Li gen pasyon, santi bagay yo ak anpil emosyon<br>– Li gen difikilte pou l kontwole emosyon ki fò<br>– Li enpasyan e li egzijan |
| *Chechè yon kad ki gen gwo gwoup ki founi opòtinite sosyal ak nouvo eksperyans.* | *Chèche yon kad ki gen ti gwoup ki gen mwens presyon.* | *Chèche yon pwogram kote chak timoun yo gen yon gadyen/gadyèn prensipal.* |

Pa bliye pou w toujou konsidere bezwen inik pitit ou a tankou abitid oswa wou-tin somèy li, idantite kiltirèl li ak tout bezwen espesyal oswa andikap li.

* Sa a se yon adaptasyon ki soti nan *Matching Your Infant's or Toddler's Style to the Right Child Care Setting,* Child Care Aware of America.



# BON KALITE GAD TIMOUN

Rechèch yo idantifye endikatè ki esansyèl pou jwenn bon kalite nan pwogram gadri yo. Lè yo aplike yo nan yon pwogram gadri, endikatè kalite sa yo sipòte devlòpman an sante ak aprantisaj timoun yo.



| Endikatè Kalite | Nan bon kalite pwogram yo | Sa pou w chèche |
|---|---|---|
| **Sante ak Sekirite** | Gadyen yo asire yo ke timoun ki nan gad yo an sante epi an sekirite. | – Pwosedi detaye pou mentni ijyèn epi pou fè prevansyon kont maladi, sa gen ladann jere kouchèt yo kòmsadwa, fè twalèt epi lave men nan fason ki apwopriye.<br>– Yo toujou mete nourison yo sou do pou yo ka dòmi san danje. |
| **Pèsonèl Byen Kalifye** | Pèsonèl la resevwa fòmasyon ak sipò pou satisfè bezwen tout timoun yo.. | – Pwofesè yo gen edikasyon nan jere timoun piti epi y ap suiv fòmasyon san rete.<br>– Yo ofri pèsonèl la opòtinite pou l pèfeksyone tèt li pwofesyonèlman. |
| **Anviwònman pou Aprantisaj** | Anviwònman yo favorab e yo chaje ak woutin pou chak jou ki fè timoun yo santi yo an sekirite. | – Jwèt, liv, mèb ak ekipman ki deyò yo pwòp epi an bon eta.<br>– Timoun yo gen aksè ak materyèl yo |
| **Ti Gwoup Piti ak Pi Gwo Rapò** | Yo ankouraje relasyon solid ant pwofesè yo ak timoun yo nan fè ti gwoup epi nan kenbe yon fèb rapò timoun-pwofesè. | – Yo konsève gwoup ak rapò ki piti konsa timoun yo resevwa plis tan ak atansyon endividyalize.<br>– Pwofesè yo rete atantif epi angaje ak ti gwoup yo a. |

| Endikatè Kalite | Nan bon kalite pwogram yo | Sa pou w chèche |
|---|---|---|
| **Swen Prensipal ak Swen Kontinyèl** | Pwofesè yo gen wòl yo antanke moun prensipal moun k ap pran swen timoun ki nan klas yo a, pandan y ap ede konstwi yon relasyon serye ak timoun nan epi fanmi l. | – Se menm pwofesè a ki kontinye jwe wòl pwofesè prensipal timoun nan tout pandan l ap grandi.<br>– Yo deziyen yon pwofesè prensipal pou chak timoun. |
| **Swen Aktif ak Atantif** | Pwofesè yoatantif parapò ak bezwen timoun yo, pandan y ap ede timoun yo gen kontwòl emosyon yo. | – Yo itilize woutin ak orè ki deja prevwa chak jou.<br>– Yo valorize, aksepte epi respekte tout timoun |
| **Pwogram Etid ak Endividyalizasyon** | Pwofesè yo itilize yon pwogram etid ki ankouraje aprantisaj atravè relasyon epi jwèt. | – Nourison yo ak timoun piti yo aprann gen konpetans atravè woutin epi jwèt.<br>– Pwofesè yo endividyalize ansèyman an pou yo ka satisfè bezwen tout timoun yo.<br>– Aktivite ak objektif yo satisfè bezwen devlòpman chak timoun yo. |
| **Langaj ak Alfabetizasyon** | Yo ofri timoun yo opòtinite pou yo aprann ak devlope konpetans nan langaj yo nan plizyè fason diferan. | – Yo itilize liv yo ak jwèt yo pou favorize konvèsasyon ak timoun yo.<br>– Yo itilize chante yo, rim tradisyonèl yo ak jwèt ak dwèt yo pou ankouraje langaj timoun yo.<br>– Pwofesè yo fè lekti pou timoun yo souvan pandan jounen an. |
| **Angajman Familyal ak Kontinite Kiltir** | Yo valorize fanmi yo ak kilti yo epi yo trete fanmi yo tankou asosye nan devlòpman pitit yo | – Pwofesè yo kominike ak fanmi yo souvan.<br>– Valè, kwayans ak kilti fanmi yo enkli nan salklas yo leplis posib.<br>– Fanmi yo toujou se labyenvini nan salklas pitit yo<br>– Fanmi yo bay avi yo sou kèk desizyon pwogram nan ap pran. |
| **Sèvis Sipò Konplè** | Fanmi yo jwenn ranfòsman gras ak koneksyon yo ak sipò kominotè yo. | – Pwofesè yo pataje etap devlòpman yo ak fanmi yo epi yo kenbe yo enfòme sou pwogrè timoun yo.<br>– Fanmi yo konekte ak resous epi sèvis kominotè yo lè yo bezwen sa. |

# Kategori Founisè Aprantisaj Pou Timoun Piti

## Gadri

Sant aprantisaj pou timoun piti yo ka gen lisans oswa yo ka gen egzanpsyon pou lisans epi dabitid yo lokalize nan espas ki adapte pou objektif aprantisaj pou timoun piti yo. Pami yo w ap jwenn sant otonòm ak sa ki lokalize nan biznis, kay, konplèks apatman, lekòl piblik, inivèsite, lopital ak òganizasyon konfesyonèl yo. Pwogram prematènèl yo (sa ki nan espas eskolè yo ak sa ki andeyò espas eskolè yo), pwogram Head Start yo, sant aprantisaj pou timoun piti ki gen anplwaye ki sou plas yo ak sant konfesyonèl yo se kèk nan kategori founisè aprantisaj pou timoun piti ak laj eskolè ki disponib yo.



## Gadri ki gen Lisans yo

Sant gadri ki gen lisans yo dwe soumèt yon aplikasyon pou lisans ki konplè epi yo dwe pase yon enspeksyon inisyal ke Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) oswa ke ajans lisans lokal la fè. Yon fwa ke yo bay lisans lan, pwogram sa yo sibi enspeksyon omwen twa fwa chak ane pou asire ke yo kontinye respekte estanda sante ak sekirite yo. Pou satisfè estanda yo, sant sa yo dwe

- Reponn ak egzijans enstalasyon fizik yo.
- Respekte estanda sante, sekirite ak nitrisyon yo.
- Konsève yon dosye pou enskripsyon ak prezans yo.
- Otorize paran/responsab legal yo gen aksè ak pitit yo tout tan.
- Konfòme yo ak kalandriye enspeksyon anyèl yo.
- Reponn ak egzijans fòmasyon pou pèsonèl ak direktè yo.
- Mennen envestigasyon sou antesedan tout pèsonèl ki nan sèvis gadri a.
- Dokimante dosye iminizasyon ak egzamen fizik aktyèl yo pou tout timoun ki nan gad yo.
- Konfòme yo ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act) epi fè rekòmandasyon ki rezonab pou timoun ki gen bezwen espesyal yo.

## Sant Konfesyonèl ki Egzante yo

Gen kèk nan gadri konfesyonèl yo ki kalifye pou egzanpsyon pou lisans pou gad timoun. Sant sa yo dwe fè pati entegral nan yon legliz oswa nan yon lekòl konfesyonèl epi yo dwe

- Akredite oswa yo dwe se yon manm nan yon òganizasyon akreditasyon Leta.
- Konfòme yo ak egzijans etatik ak federal yo parapò ak verifikasyon sou antesedan yo.
- Satisfè egzijans aplikab lokal yo konsènan règleman pou sante ak sekirite onivo vil la oswa konte a.
- Konsève yon dosye pou enskripsyon ak prezans yo.
- Mentni sètifikasyon aktyèl pou CPR ak Premye Swen
- Konfòme yo ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act) epi fè rekòmandasyon ki rezonab pou timoun ki gen bezwen espesyal yo.

### Rapò Adilt ak Timoun pou Sant ki gen Lisans ak Sant Konfesyonèl Egzante yo

Rapò yo reprezante kantite timoun ke yon adilt ka sipèvize pou chak gwoup laj. Se DCF ki règlemante rapò yo. Rapò ki apwopriye ant pèsonèl la ak timoun yo liste pi ba a.

- Soti nan nesans rive 12 mwa (1:4)
- 12 mwa jiska 24 mwa (1:6)
- Timoun ki gen laj 2 lane (1:11)
- Timoun ki gen laj 3 lane (1:15)
- Timoun ki gen ant laj 4 lane jiska 5 lane (1:20)
- Timoun ki gen ant laj 4 lane jiska 5 lane ki nan pwogram edikasyon VPK yo
  - Pwogram eskolè (1:11)
  - Pwogram dete (1:12)
- Laj 5 lane oubyen ki pi gran (1:25)



## Gadri Familyal



Gad familyal yo se nan kay yon moun yo fèt pou timoun ki soti nan fanmi ki pa gen okenn lyen youn ak lòt. Gwosè gwoup la ka varye selon preferans founisè sèvis gadri familyal la; toutfwa, founisè a dwe toujou respekte rapò ki egzijib la tout tan. Laj timoun yo souvan ka melanje, malgre gen kèk founisè ki pito sèvi sèlman yon gwoup laj byen detèmine (tankou nourison, timoun piti, oswa timoun ki nan preskòlè). Diferan pwogram gen egzijans diferan ki aplike pou yo, kote gen sèten gadri familyal ki gen lisans epi gen lòt ki anrejistre.

## Gadri Familyal ki Anrejistre

Yo mande founisè sa yo pou yo satisfè egzijans minimòm eta yo, tankou:

- Enskri chak ane ak DCF.
- Konplete epi founi bay paran/responsab legal yo yon lis verifikasyon anyèl pou enspeksyon sante ak sekirite nan kay la.
- Bay prèv pou swen sibstitisyon.
- Fè verifikasyon konplè sou antesedan tout adilt ak jèn ki nan kay la.
- Fè fòmasyon preliminè, fòmasyon nan alfabetizasyon prekòs ak lè siplemantè pou devlòpman pwofesyonèl anyèl.
- Konsève dosye iminizasyon timoun yo.

## Gadri Familyal ki gen Lisans yo

Founisè sèvis gadri familyal ki gen lisans yo dwe reponn ak tout egzijans ki etabli pi wo yo pou gadri familyal ki anrejistre yo ak egzijans pou lisans siplemantè ki annapre yo ke DCF oswa ajans lisans lokal la règlemante:

- Konfòme yo ak direktiv sou sante, sekirite ak nitrisyon yo.
- Konsève yon dosye pou enskripsyon ak prezans yo.
- Konfòme yo ak estanda lisans gouvènman lokal epi eta yo.
- Mentni sètifikasyon pedyatrik aktyèl pou CPR ak Premye Swen yo.
- Pase yon enspeksyon anvan yo resevwa yon lisans fonksyònman pou gadri a.
- Konfòme yo ak enspeksyon lisans yo chak ane.
- Konfòme yo ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act) epi fè rekòmandasyon ki rezonab pou timoun ki gen bezwen espesyal yo

## Gwo Gadri Familyal

Yon gwo gadri familyal se yon rezidans prive ki gen moun ki abite ladan l kote yo founi sèvis gadri sou yon baz regilye pou timoun ki soti nan omwen de fanmi ki pa gen lyen youn ak lòt, k ap resevwa yon peman, yon frè oswa yon sibvansyon pou nenpòt nan timoun ki sou gad yo, kit y ap fonksyone pou pwofi oswa yo pa p fonksyone pou pwofi,  epi ki gen omwen yon anplwaye k ap travay a plen tan nan lokal la pandan lè li ouvè yo anplis de moun k ap jere kay la.

Founisè sèvis gwo gadri familyal yo dwe reponn ak tout egzijans ki etabli pou gadri familyal ki gen lisans yo epi ak egzijans siplemantè ke DCF règlemante yo. Anvan pou aplike pou yon lisans, operatè a dwe t ap fonksyone antanke yon gadri familyal otorize pandan de lane youn dèyè lòt.

## Rapò Adilt ak Timoun pou Gadri Familyal yo




Se DCF ki règlemante gadri familyal yo. Yon founisè sèvis gadri familyal ka okipe l de youn nan gwoup timoun swivan yo, e sa gen ladan l, pwòp pitit founisè a ki gen mwens ke 13 lane daj:

- (1:4) Soti nan nesans rive 12 mwa.
- (1:6) Pa plis ke twa gen mwens ke 12 mwa..
- (1:10) Depi gen omwen senk timoun ki gen laj eskolè epi pa plis ke de nan yo gen mwens ke 12 mwa daj.

**L Gwo Gadri Familyal** (rapò a baze sou de gadyen - operatè gadri a epi yon anplwaye)

- (2:8) Si gen plis ke kat nan timoun ki gen mwens ke 24 mwa.
- (2:12) Si pa gen plis ke kat nan timoun yo ki gen mwens ke 24 mwa.




## So Lò ak Akreditasyon

Pwogram Deziyasyon So Lò pou Swen Kalite a rekonèt gadri ak gadri familyal (ki swa gen lisans oswa ki gen egzanpsyon pou lisans) ke ajans nasyonal yo akredite epi ke estanda yo reflete kalite nan nivo swen ak sipèvizyon yo bay timoun yo. Pou w jwenn aksè ak lis ajans ke DCF apwouve k ap patisipe nan Pwogram Deziyasyon So Lò pou Swen Kalite a, vizite http://myflfamilies.com/service-programs/child-care/goldseal.

***Remake: Gen kèk konte ki ka gen egzijans ki gen plis kontrent pase egzijans ke eta a enpoze yo.***

# Gad Timoun Ki Nan Laj Eskolè

## Sa ki gen Lisans oswa sa ki gen Egzanpsyon pou Lisans



Yon pwogram pou laj eskolè se yon pwogram otorize oswa ki gen egzanpsyon pou lisans ki desèvi sèlman timoun ki nan laj eskolè. Yon timoun gen laj eskolè lè li se yon timoun ki gen omwen laj 5 lane anvan oswa nan dat 1ye septanm, epi ki enskri nan lekòl matènèl oswa nan yon pi gwo nivo klas. Kad la pou yon pwogram laj eskolè ka se yon lekòl piblik oswa prive, yon sant prive, yon gadri familyal, yon sant konfesyonèl oswa yon pwogram kominotè/rekreyatif. Pwogram pou laj eskolè yo ka ouvè anvan ak/oswa apre lekòl konsa tou tout jounen pandan jounen planifikasyon pwofesè yo, pandan vakans prentan, vakans ivè ak vakans dete.

## Pwogram sou Lisans

Pwogram sou lisans yo dwe pase enspeksyon pou asire ke egzijans espesifik yo respekte, tankou:

- Egzijans enstalasyon fizik yo.
- Estanda sante, sekirite ak nitrisyon.
- Konsèvasyon dosye pou enskripsyon ak prezans yo.
- Aksè pou paran yo ka jwenn timoun ki nan gad yo a tout tan.
- Konfòmite ak enspeksyon anyèl yo.
- Konplete 40 èdtan fòmasyon preliminè, plis yon minimòm 10 èdtan sèvis annapre chak ane.
- Soumèt verifikasyon ak kontwòl antesedan pou tout anplwaye/ gadyen yo.
- Rapò yon adilt pou 25 timoun.
- Sipèvizè/direktè a gen yon kalifikasyon pou direktè (yo pèmèt sipèvizyon plizyè anplasman nan pwogram gadri pou timoun ki nan laj eskolè).

## Pwogram ki gen Egzanpsyon pou Lisans

Pwogram sa yo egzante pou lisans nan gad timoun ki nan laj eskolè, men yo dwe satisfè egzijans minimòm pou kontwòl antesedan yo jan lwa Florida a endike l la. Pwogram sa yo ka gen egzanpsyon pou lisans si youn nan egzanpsyon sa yo aplike:

- Pwogram yo nan yon espas lekòl piblik/ki pa piblik.
- Pwogram pedagojik/titoryèl.
- Pwogram Aksè Lib.
- Pwogram apre lekòl apatenans nasyonal.
- Pwogram ki fèt sèlman pou timoun klas 6yèm ane epi pi gwo klas.

***Remake: Gen kèk konte ki ka gen egzijans ki gen plis kontrent pase egzijans ke eta a enpoze yo.***

# Gad Ki Pa Règlemante

Eta a pa egzije gadri ki pa règlemante yo ni lisans oswa pou yo soumèt yo ak enspeksyon.

## Gad Ènfòmèl

Gad enfòmèl la fèt lakay yon moun kote gen yon adilt k ap gade timoun ki soti nan sèlman yon sèl fanmi. Moun nan souvan se yon manm fanmi an, yon vwazen epi/oswa yon zanmi. Kategori gad sa yo pa gen direktiv oswa enspeksyon ke eta a enpoze. Founisè enfòmèl yo ka kalifye pou patisipe nan Pwogram Preparasyon pou Lekòl la (gade nan seksyon Resous Finansye a) apre yo fin konplete yon kou 6 èdtan sou sante ak sekirite epi lè yo satisfè egzijans kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti lokal la.



## Gad "Au Pair"/Nouris

"Au pair" yo founi fanmi yo yon sèvis gad pou timoun ki entèkiltirèl, ki pèsonalize epi adomisil. Pifò "au pair" yo se manm youn nan 14 Ajans Ameriken ki Esponnsorize Au Pair yo (U.S. Au Pair Sponsor Agencies) ke gouvènman federal la deziyen, e ke Depatman Deta Ameriken, Biwo Pwogram Vizitè pou Echanj Edikatif ak Afè Kiltirèl (U.S. Department of State, Bureau of Educational and Cultural Affairs Exchange Visitor Program) lan ap règlemante. Fanmi yo ka rekrite nouris yo lokalman tou pou gade timoun ki nan yon fanmi epi yo ka viv nan oswa andeyò mezon familyal la.

## Kan Dete ak Pwogram Rekreyatif

Kan dete ak kan dete lajounen yo se pwogram rekreyatif, edikatif ak pwogram anrichisman ke yo fè sèlman pandan vakans dete a. Pwogram sa yo pran timoun k ap gen senk lane daj yo anvan oswa nan dat 1ye septanm nan ane aktyèl la. Yo gade timoun ki nan matènèl oswa ki nan nivo klas ki pi wo ke sa tou. Rapò adilt/timoun pou kan dete yo varye. Kategori gad sa yo pa nesesite enspeksyon eta. Tout pèsonèl kan dete ak kan dete lajounen yo dwe pase yon kontwòl antesedan Nivo 2.

## Pwogram pou Manm

Pwogram ki pa travay pou pwofi yo asosye ak oswa yo sètifye pa òganizasyon nasyonal yo; pou rezon sa a, pèsonèl la pa oblije sibi verifikasyon Depatman pou Timoun ak Fanmi an. Yon egzanp òganizasyon sa yo se Boys and Girls Club la, ki souvan ofri yon pwogram apre lekòl.

# Pwogram Edikasyon Prematènèl Volontè (VPK)

VPK konstwi yon baz edikasyon ki solid pou timoun ki gen laj 4 lane yo konsa y ap byen prepare pou yo antre nan matènèl ak konpetans k ap pèmèt yo gen siksè nan matènèl epi apre. Pwogram aprantisaj pou timoun piti ke VPK ofri yo dwe asire ke pèsonèl la ak pwogram yo reponn ak nivo kalite siperyè moun yo espere yo. Plan etid pwogram yo dwe efikas epi gwosè klas la dwe pèmèt pwofesè yo konstwi relasyon kote yo pwòch ak chak timoun.

## Gran Pwen VPK yo

- Pwogram edikasyon kalite siperyè ak yon atansyon patikilye sou konpetans literè.
- Li gratis pou tout timoun k ap viv nan Florida epi ki gen laj 4 lane nan dat oswa anvan 1ye septanm pandan ane a.
  - Si anivèsè nesans timoun nan tonbe ant 2 fevriye ak 1ye septanm, paran yo ka tann pou enskri pitit yo a nan ane apre lè yo gen laj 5 lane.
- Ou ka jwenn enfòmasyon ak dokiman konsènan estanda VPK ki fèt espsyalman pou paran yo sou flbt5.floridaearlylearning.com.

## Opsyon Pwogram VPK yo

Paran yo ka seleksyone yon pwogram pou pitit yo a

| Pwogram VPK pandan Ane Eskolè a | Pwogram VPK pandan Ete | Sèvis Pedagojik Espesyalize (SIS) VPK |
|---|---|---|
| 540 èdtan pedagojik | 300 èdtan pedagojik | Orè yo varye selon sèvis ki founi yo |

## Transpò

Se paran yo ki responsab transpò timoun yo pou mennen ale epi tounen soti nan pwogram VPK a.

## Pwogram Etid VPK

- Li dwe apwopriye pou devlòpman epi konsantre sou konpetans literè prekòs.
- Li dwe prepare timoun nan pou li pare pou klas matènèl baze sou estanda ke Konsèy Edikasyon Eta a adopte.

## Sèvis Pedagojik Espesyalize (SIS) VPK

Yon timoun ki elijib pou VPK epi ki gen yon andikap, jan yon plan edikasyon endividyèl (Individual Educational Plan, IEP) aktyèl endike l la e ki soti nan distri lekòl lokal la, elijib tou pou li jwenn sèvis pedagojik espesyalize olye pou li patisipe nan yon pwogram VPK tradisyonèl. Depatman Edikasyon an apwouve founisè VPK-SIS ke sèvis yo reponn ak estanda legal yo, ki konsève yon lis ki gen founisè ki apwouve yo epi ki avize kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti yo konsènan founisè ki apwouve yo. Paran ki gen kesyon konsènan fason pou yo jwenn aksè ak VPK-SIS pou pitit yo dwe kontakte kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti yo a. Pou w lokalize kowalisyon pou aprantisaj timoun piti w la, kontakte Liy Familyal Apèl Gratis biwo rezo CCR&R eta a nan 1-866-357-3239 (TTY: 711), oswa jwenn enfòmasyon pou kontak yo sou entènèt la sou www.FloridaEarlyLearning.com/coalitions.

## Anseyan ak Founisè VPK yo

Tout founisè ak anseyan VPK yo dwe satisfè estanda kalite siperyè ke lwa Florida yo egzije yo.

- Paran yo ka chwazi founisè apwouve ki reponn ak bezwen pèsonèl fanmi yo.
- Opsyon pou paran yo enkli lekòl piblik ak lekòl prive, sant prive, lekòl piblik otonòm (charter school) ak gadri familyal ki gen lisans.
- Tout anseyan VPK yo dwe genyen ominimòm yon Kalifikasyon Asosye nan Domèn Devlòpman Timoun (Child Development Associate Credential, CDA) pou pwogram ane eskolè a oswa yon bakaloreya pou pwogram dete a.
- Rapò klas la se yon pwofesè pou 11 timoun, epi gwosè klas la pa ka depase 20 timoun pou 2 anseyan pou yon pwogram ane eskolè. Pwogram dete a gen yon sèl anseyan ak yon maksimòm 12 elèv.





## To Preparasyon yo

Biwo Aprantisaj pou Timoun Piti (Office of Early Learning) la deziyen yon to preparasyon pou matènèl chak ane pou founisè VPK ki ofri swa pwogram ane eskolè a oswa pwogram dete a. To preparasyon an mezire nan ki nivo yon founisè VPK prepare timoun yo pou yo pare pou antre nan klas matènèl selon estanda pèfòmans ke Konsèy Edikasyon Eta a adopte. Yon to preparasyon founisè VPK sèvi tankou yon eleman siplemantè pou enfòmasyon ke fanmi yo ka itilize pou detèmine si yon pwogram VPK pi byen adapte ak bezwen fanmi yo a. Ou ka jwenn to preparasyon yo sou https://vpk.fldoe.org.

## Kijan pou w Aplike

Ou dwe soumèt aplikasyon pou VPK yo sou entènèt la atravè sitwèb Pòtay Familyal Biwo Aprantisaj pou Timoun Piti a (www.familyservices.floridaearlylearning.com). Ou ka itilize yon òdinatè, yon telefòn selilè oswa yon aparèy entèlijan, oubyen ou ka kontakte kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti w la pou w aplike an pèsòn.

Pou w konplete aplikasyon VPK a, ou dwe transfere prèv ke w se yon rezidan eta Florida ak dokiman ki bay prèv sou laj pitit ou a. Yon fwa ou voye l ale, kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti lokal la ap revize aplikasyon an. W ap resevwa yon sètifika elijibilite lè aplikasyon w lan fin apwouve. Ale avèk sètifika elijibilite w la nan pwogram VPK ke w chwazi a.

## Kowalisyon pou Aprantisaj pou Timoun Piti

Kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti lokal ou a ka ede w ak aplikasyon an epi fè w jwenn lis pwogram VPK ki nan zòn ou an. Pou w lokalize kowalisyon pou aprantisaj timoun piti w la, kontakte Liy Familyal Apèl Gratis biwo rezo CCR&R eta a nan 1-866-357-3239 (TTY: 711), oswa jwenn enfòmasyon pou kontak yo sou entènèt la sou www.FloridaEarlyLearning.com/coalitions.

# RESOUS FINANSYE

Pwogram Preparasyon pou Lekòl la ofri èd finansye pou fanmi ki elijib pou ede yo peye pou depans gad timoun yo ak pou sipòte paran yo pou yo vin endepandan finansyèman. Pwogram nan prepare timoun yo pou yo pare pou lekòl epi li founi paran yo enfòmasyon sou devlòpman timoun nan ak lòt sijè ki enterese yo. Sèvis yo varye selon bezwen endividyèl yo ak entèval ant edikasyon prekòs ak gadri ale nan gad timoun apre lekòl ak gad timoun ki gen laj eskolè nan kèk ka.

## Gran Pwen Pwogram nan

- Li founi fanmi ki elijib baze sou revni yo resous ki nesesè pou yo jwenn epi peye pou bon kalite sèvis gad timoun pou pitit yo.
- Li ankouraje chwa paran yo nan chwazi yon pwogram gad timoun epi pèmèt paran k ap travay yo pou yo pran pwòp desizyon pa yo ke yo twouve k ap pi byen adapte ak bezwen fanmi yo.
- Li founi edikasyon pou paran yo pou ede yo pran desizyon eklere konsènan gadri ak aprantisaj pou timoun piti.
- Li amelyore kalite gadri epi li ogmante disponibilite gadri yo pou tout fanmi yo.
- Li prepare timoun yo pou klas matènèl ak pou yo kontinye gen sikè nan domèn edikatif.

## Kijan pou w Aplike

Paran yo ka aplike pou Pwogram Preparasyon pou Lekòl la lè yo soumèt yon aplikasyon sou entènèt la apati Pòtay Familyal Biwo Aprantisaj pou Timoun Piti a (https://familyservices.floridaearlylearning.com). Ou ka itilize yon òdinatè, yon telefòn selilè oswa yon aparèy entèlijan, oubyen ou ka kontakte kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti w la pou w aplike an pèsòn. Se kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti pou chak konte ki trete tout aplikasyon yo.



## Pwochen Etap yo

Yon fwa ke yon paran aplike pou Pwogram Preparasyon pou Lekòl la, li ka suiv estati aplikasyon l lan lè li kontake kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti lokal li a oswa lè li konekte sou Pòtay Familyal la.

Akoz finansman yo limite, yo ka mete fanmi yo sou lis datant. Si yo mete yon timoun sou lis datant, paran yo ka resevwa enfòmasyon sou resous kominotè lokal ki ka ede fanmi an. **Paran ki gen pitit yo sou lis datant lan ap bezwen pou yo mete enfòmasyon yo ajou nan Pòtay Familyal la chak sis mwa osinon y ap pèdi plas pitit yo a nan lis datant lan.**

Si pa gen lis datant epi fanmi an kalifye pou sèvis yo, y ap resevwa enfòmasyon ki konsène dokiman siplemantè ke yo dwe founi pou pwosesis enskripsyon an. Fanmi yo ka kontakte kowalisyon pou aprantisaj pou timoun piti lokal yo a nenpòt lè pou yo jwenn èd ak Pòtay Familyal la.

Kèk fanmi ka resevwa sèvis yo tousuit si yo nan kriz familyal ak si yo gen yon referans pou jwenn sèvis ki soti nan men Depatman pou Timoun ak Fanmi yo



## Depistaj pou Devlòpman

Timoun k ap patisipe nan Pwogram Preparasyon pou Lekòl la ap sibi yon depistaj pou devlòpman pou asire yo ke yo nan bon chimen pou devlòpman yo. Si yo dekouvri nenpòt ki pwoblèm, timoun nan ap resevwa referans pou l wè espesyalis espesifik pou sante ak/oswa edikasyon

Sèvis sa yo travay tou ansanm ak lòt pwogram pou jèn timoun tankou Head Start, Early Head Start, Pwogram Edikasyon Prematènèl Volontè (VPK) a ak distrik lekòl lokal piblik yo.

## Gad Timoun 24 sou 24

Gen kèk fanmi ki bezwen gad timoun pou lèswa, pou lannuit oswa pou wikenn akoz orè travay yo. Sèvis preparasyon pou lekòl yo gen ladan yo gad timoun pou jounen pwolonje, pandan tout yon ane pwolonje ak gad pou timoun ki gen laj eskolè pou ede paran yo vin endepandan finansyèman.

# Head Start

Head Start se non yon ansanm pwogram ki favorize preparasyon pou lekòl pou timoun ki soti nan fanmi ki gen revni ki ba. Pwogram Head Start yo founi yon anviwònman ki sipòte kwasans timoun yo epi founi sèvis konplè pou timoun yo ak fanmi yo, sa ki gen ladann sèvis sante, sèvis swen dantè, sèvis nitrisyon, sèvis sosyal ak lòt sèvis ke yo detèmine kòm nesesè an fonksyon bezwen ak anvi fanmi an. Sèvis Head Start yo konsevwa pou reponn ak eritaj etnik, kiltirèl ak lengwistik chak timoun ak tout fanmi l.

Head Start mete anfaz sou wòl paran yo antanke premye pwofesè pitit yo epi pwofesè ki pi enpòtan ke timoun nan ka genyen. Pwogram yo etabli relasyon ak fanmi k ap sipòte

- Byennèt familyal ak relasyon pozitif ant paran ak pitit.
- Fanmi yo antanke moun k ap aprann epi ki se edikatè pou lavi.
- Angajman familyal nan tranzisyon.
- Lyen familyal ak omològ yo epi ak kominote a.
- Fanmi yo antanke defansè ak lidè.

## Sèvis Head Start yo nan Florida

Head Start desèvi timoun ki nan laj preskòlè depi laj 3 lane jouk rive nan laj pou yo ale lekòl epi yo ofri li nan tout 67 konte nan eta Florida a. Early Head Start desèvi nourison, timoun piti, ak fanm ansent epi founi sèvis li yo nan 54 konte. Florida akeyi de pwogram èd pou Migran ak Head Start Sezonye tou: East Coast Migrant Head Start ak Redlands Christian Migrant Association. Benefisyè sa yo sèvi sèlman e sèlman bezwen fanmi migran ki nan Florida ki gen timoun ki gen laj soti 6 semenn rive nan laj pou yo ale lekòl.

Pwogram Head Start yo ofri yon varyete modèl sèvis, tou depann de bezwen kominote lokal la. Pwogram yo ka etabli nan sant oswa nan lekòl ke timoun yo ale ladan yo pou sèvis tout jounen oswa demi jounen; gadru familyal yo; ak/oswa nan pwòp kay timoun yo, kote yon manm pèsonèl la vizite yo yon fwa chak semenn pou bay timoun nan ak fanmi an sèvis. Timoun ak fanmi ki resevwa sèvis adomisil yo reyini chak peryòd ak lòt fanmi ki enskri pou fè yon eksperyans aprantisaj ke pèsonèl Head Start la fasilite.

Pwogram Head Start yo founi sèvis pou timoun ki gen andikap oswa ki bezwen swen sante espesyal epi yo kolabore ak distri lekòl lokal yo, kowalisayon pou aprantisaj pou timoun piti yo, pwofesyonèl sante ak lòt asosye pou ede fanmi an nan kowòdinasyon sèvis yo. Salklas Head Start yo ofri yo rapò pwofesè-timoun ki ba, yon pwogram eskolè ki baze sou rechèch, pwofesè ki gen bakaloreya oswa CDA, sèvis pandan tou ane a (nan pifò kominote yo), epi pifò patisipe nan Pwogram VPK Florida a.

Pou plis enfòmasyon, ale sou www.FloridaHeadStart.org.

# Entèvansyon Bonè

Lè yo pa rive idantifye yon reta nan devlòpman an byen bonè, timoun yo dwe tann pou yo jwenn èd ke yo bezwen an. Sa ka vin rann li difisil pou yo aprann lè yo kòmanse ale lekòl. Nan peyi Etazini, 15% nan timoun yo gen yon andikap nan devlòpman oswa nan konpòtman tankou otis, yon twoub aprantisaj oswa yon Twoub Ipèraktivite ak Defisi Atansyon.

Anplis de sa, gen anpil timoun ki gen reta nan langaj yo oswa nan lòt domèn. Se mwens pase mwatye timoun ki gen pwobèm yo ke yo rive idantifye anvan yo komansè ale lekòl.  Soti nan 9 rive 24 mwa, se lè sa a etap kle nan kominikasyon sosyal timoun nan ap devlope epi li enpòtan pou w byen suiv kominikasyon sosyal pitit ou a pandan peryòd sa a. Asire w ke w fè depistaj pou pitit ou a nan lide pou w elimine posibilite pou gen nenpòt ki twoub nan kominikasyon.

Si w enkyè konsènan devlòpman timoun piti w la oswa nourison w lan oswa ou sispèk ke pitit ou a gen yon andikap oswa li bezwen sèvis entèvansyon bonè, kontakte kowalisyon pou aprantisaj pou timoum piti lokal ou a pou w pale ak yon espesyalis nan enklizyon.



# Ranfòse Fanmi Yo: Faktè Pwoteksyon Yo

Faktè pwoteksyon yo se karakteristik oswa fòs ke endividi oswa fanmi yo genyen ki pèmèt fanmi yo sipòte sante ak byennèt timoun yo. Enfòmasyon sa a enpòtan pou asire yo ke timoun yo ak jèn yo reyisi ni lakay yo, ni nan lekòl yo, ni nan travay yo ak nan kominote a.




Strengthening Families™ se yon apwòch ki baze sou rechèch ke Sant pou Etid sou Politik Sosyal (Center for the Study of Social Policy) a devlope. Yo itilize kad la pou ogmante fòs fanmi yo, pou amelyore devlòpman timoun yo epi redui pwobabilite ka maltretans ak neglijans timoun.

# Sitwèb Ki Ankouraje Devlòpman Timoun Yo

Florida Early Learning and Developmental Standards pou Nesans rive nan Matènèl:
http://flbt5.floridaearlylearning.com

Enfòmasyon pou Paran nan Centers for Disease Control and Preve
https://www.cdc.gov/ncbddd/actearly/milestones
https://www.cdc.gov/parents/essentials/index.html

Enfòmasyon pou Paran sou Center for Early Literacy Learning:
http://www.earlyliteracylearning.org/parentresource1.php

Center on the Social and Emotional Foundations for Learning:
http://csefel.vanderbilt.edu/resources/family.html

National Association for the Education of Young Children:
https://www.naeyc.org/our-work/for-families

PBS Parents: http://www.pbs.org/parents/

Zero to Three: https://www.zerotothree.org/parenting


Lis Verificasyon CDC yo kap suivi etap enpòtan yo
Jwenn plis enfomasyon nan
CDC


Ou gen sa ki nesesè pou devlope yon sèvo !
Telechaje aplikasyon Vroom nan pou ajoute aprantisaj nan lè manje, lè benyen, lè dòmi ak nenpòt ki lè avèk konsèy Vroom
vroom.org
vroom

## OFFICE OF EARLY LEARNING

Li founi sipò ak oryantasyon onivo eta a pou paran, pwofesè ak pwofesyonèl aprantisaj pou timoun piti yo. OEL ap jere twa pwogram nan tout eta a ki enkli pwogram èd leta pou gad timoun nan, Preparasyon pou Lekòl la, pwogram pou Prematènèl Volontè (VPK) gratis pou timoun ki gen laj 4 lane ak pwogram Resous ak Referans pou Gad Timoun pou tout fanmi ki nan Florida yo.

**1-866-357-3239 (Apèl gratis), (TTY:711)**

www.floridaearlylearning.com

## 2-1-1

Yon liy asistans ki disponib 24 sou 24 kote paran yo konekte ak sèvis referans epi enfòmasyon nasyonal, etatik ak lokal. 2-1-1 ofri paran yo enfòmasyon pou ede fanmi yo avèk manje, lojman, travay, swen sante ak sèvis konsèy.

**Dial 211**

www.211.org

## ACCESS FLORIDA

Enfòmasyon pou èd lajan kach tanporè ak koupon pou achte manje yo disponib atravè liy asistans DCF Access Florida a.

**1-866-762-2237 (Apèl gratis)**

www.dcf.state.fl.us/programs/access

## AMERICAN ACADEMY OF PEDIATRICS BRIGHT FUTURES

Se yon inisyativ pwomosyon ak prevansyon nasyonal pou sante, ke American Academy of Pediatrics lan ap dirije epi ke Maternal and Child Health Bureau, Health Resources and Services Administration ap sipòte ki founi konsèy pou tout vizit pou swen prevantif ak vizit pou timoun ki ansante yo.

https://brightfutures.aap.org/Pages/default.aspx

## CHILD CARE AWARE® of AMERICA

Se yon rezo nasyonal ki gen plis pase 900 ajans resous ak referans nan gad timoun ki angaje yo pou yo ede paran yo jwenn pi bon enfòmasyon lè y ap lokalize pwogram ak resous bon kalite nan kominote lokal yo a; li gen lyen pou resous epi ajans referans nan tout eta yo nèt.

**1-800-424-2246 (Apèl gratis)**

http://childcareaware.org/families/

## CHILD HELP USA® NATIONAL CHILD ABUSE HOTLINE

Liy dirèk sa a gen yon pèsonèl ki disponib 24 sou 24 ak konseye pwofesyonèl nan sitiyasyon kriz ki gen aksè ak yon pakèt resous

**1-800-4-A-Child oswa 1-800-422-4453 (Apèl gratis)**

www.childhelp.org

www.childhelp.org/states/florida

## SITWÈB DEPARTMENT OF CHILDREN & FAMILIES (DCF) POU ENFÒMASYON SOU LISANS

Li responsab pou administrasyon lisansman ak fòmasyon pou pwogram gad timoun yo nan tout Florida epi li jere pwogram ki adrese pwoblèm tankou sèvis pwoteksyon pou adilt ak timoun, sanzabri, koupon pou achte manje, sèvis pou refijye ak adopsyon epi swen nan fanmi dakèy.

www.myflorida.com/childcare

Jwenn Founisè Sèvis Gad Timoun

https://cares.myflfamilies.com/PublicSearch

## DEPARTMENT OF HEALTH/CHILDREN'S MEDICAL SERVICES/EARLY STEPS

Li founi enfòmasyon ak referans sou andikap ak bezwen pou swen sante espesyal pou fanmi yo, kowòdonatè sèvis yo ak lòt pwofesyonèl k ap travay ak timoun ki gen bezwen espesyal.

**1-800-218-0001 (Apèl gratis)**

http://www.floridahealth.gov/AlternateSites/CMS-Kids/early_steps_directory/index.html

## FLORIDA CHILD SUPPORT ENFORCEMENT

Sèvis sipò pou timoun ki gen ladan lokalize paran ki disparèt yo, etabli patènite legal, epi etabli, ranfòse epi modifye òdonans pou sipò alimantè yo.

**1-800-622-KIDS or 1-800-622-5437 (Apèl gratis)**

www.myflorida.com/dor/childsupport/

## FLORIDA KIDCARE

Se yon pwogram asirans sante pou timoun ki pa asire e ki gen mwens ke laj 19 lane. Pwogram Florida Kidcare la evalye elijibilite sou baz laj timoun nan ak revni familyal la.

**1-888-540-5437 (Apèl gratis), (TTY: 1-877-316-8748)**

http://floridakidcare.org/

## FLORIDA HEALTHY START

Li asire l ke tout fanmi nan Florida gen aksè ak yon kontinite sèvis swen bon kalite ki abòdab epi ak sèvis ki asosye ak sèvis sa yo.

**727-507-6330**

[www.healthystartflorida.com](www.healthystartflorida.com)

## HEAD START

Head Start se yon pwogram nasyonal preparasyon pou lekòl ki founi sèvis konplè nan edikasyon, sante, nitrisyon ak angajman paran pou timoun ki soti nan fanmi ki gen revni ki ba. Pou w jwenn pwogram Head Start ki nan zòn ou, ale sou sitwèb ki make la a.

[www.floridaheadstart.org](www.floridaheadstart.org)

## THE OUNCE OF PREVENTION FUND

Li idantifye epi sipòte pwogram prevansyon yo pou amelyore rezilta timoun yo, konsève epi ranfòse fanmi yo epi favorize bon konpòtman ak fonksyònman nan sosyete a.

[https://www.ounce.org/](https://www.ounce.org/)

## PARENTS WITHOUT PARTNERS

Li founi èd pou paran ki selibatè yo atravè diskisyon, konferansye pwofesyonèl, gwoup etid, piblikasyon ak aktivite sosyal pou fanmi yo.

**1-800-637-7974 (Apèl gratis)**

[http://www.parentswithoutpartners.org](http://www.parentswithoutpartners.org)



# CCR&R
Child Care Resource and Referral



## Kisa yo rele CCR&R?

CCR&R se yon sèvis gratis ki ede fanmi yo

- Idantifye epi chwazi pwogram aprantisaj bonè bon kalite.
- Mete an kontak avèk ajans ak resous kominotè lokal yo.
- Patisipe nan edikasyon ak aprantisaj pitit yo.
- Jwenn opsyon resous finansye.

## Konsantre Sou Fanmi



**Lè yon fanmi kontakte CCR&R, li kapab resevwa**

### Lis Gadri

Baze sou enfòmasyon sou fanmi an, CCR&R kapab bay yon lis opsyon gadri adapte.

### Opsyon Asistans Finansye

CCR&R kapab bay enfòmasyon ak èd pou fè demann asistans pou gadri epi eksplore lòt opsyon asistans finansye.

### Edikasyon Konsomatè

CCR&R kapab bay enfòmasyon sou yon evantay sijè, sa gen ladan kijan pou w jwenn pwogram aprantisaj bonè bon kalite ak enpòtans patisipasyon fanmi an.

### Resous Kominotè

CCR&R kapab mete fanmi yo an kontak avèk resous kominotè ki gen dwa kapab ede avèk lòt bezwen, tankou lojman, manje oswa asistans pou sèvis piblik.

## Epitou CCR&R kapab bay enfòmasyon ak èd pou fanmi k ap fè demann pou

**Florida VPK**

Voluntary Prekindergarten (VPK) - yon pwogram edikatif gratis ki disponib pou tout timoun 4 ran nan Florida epi ki prepare timoun yo pou kindègadenn.

**Florida School Readiness**

School Readiness - yon pwogram ki ede fanmi ki gen revni ki kalifye yo nan Florida peye pou gadri epi ede timoun yo pare pou lekòl.

Office of Early Learning
Learn Early, Learn for Life

Sant dapèl CCR&R la: 1-866-357-3239
www.floridaearlylearning.com

**Depatman Edikasyon Florid**
**Biwo pou Edikasyon Timoun**
**Rezo Resous ak Referans pou Gadri**
**Liy Familyal Gratis la: 1-866-357-3239**
**http://www.floridaearlylearning.com**

OFFICE OF
Early Learning
LEARN EARLY. LEARN FOR LIFE.

# LIS KONTWÒL KALITE



*Pou Gadri ak Lekòl Prematènèl*

OFFICE OF Early Learning

LEARN EARLY. LEARN FOR LIFE

# Konsèy Pou Obsèvasyon

## Gade epi Koute

**Ou aprann anpil bagay lè w gade epi koute kisa k ap pase nan yon salklas.** Timoun yo dwe parèt kontan epi ke y ap patisipe nan aktivite ki fèt pou laj yo. Pwofesè yo dwe parèt janti, ankourajan epi atantif parapò ak tout timoun ki sou responsabilite yo. Koute mo pwofesè yo itilize lè y ap pale ak timoun yo. Li enpòtan pou timoun yo tande divès kalite mo pou favorize devlòpman langaj yo.

## Poze Kesyon

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, **w ekri yo chak fwa yo pase nan tèt ou**. Mande pou w jwenn yon moman pou w diskite sou yo swa ak direktè a oswa ak pwofesè a. Direktè a oswa pwofesè yo ki nan gadri a dwe dispoze pou reponn kesyon w yo epi pou yo adrese nenpòt enkyetid ke w ka genyen.

## Fè atansyon ak sa ensten w di w

Note tout vye presantiman ke w ka resanti pandan vizit ou a. **Se ou ki konn pitit ou a pi byen pase pyès moun.** Si sa posib, ale ansanm ak pitit ou a epi gade kijan l ap reyaji. Timoun yo reyaji nan pwòp fason pa yo devan nouvo sitiyasyon. Fè atansyon pou w pa elimine lòt faktè ki ka enfliyanse reyaksyon pitit ou a, tankou grangou oswa fatig, **kwè nan ensten w ak nan kapasite w pou pran desizyon ki saj pou pitit ou.** Ou vle pou w santi w byen avèk lide ke pitit ou a ap pase yon bon tan chak jou nan yon gadri oswa nan yon lekòl prematènèl.

## Konsidere Depans yo

**Ou dwe konsidere tout frè adisyonèl yo.** Pran san w pou w fè balans ant "avantaj" epi "enkonvenyan" chak gadri, chak direktè ak chak pwofesè ou vizite yo, prezante. Deside kiyès nan yo ki satisfè pi plis priyorite w yo a yon pri ke w ka peye.  Mete nan tèt ou ke pi chè pa toujou garanti pi bon kalite. Menm jan tou, pi bon mache pa toujou vle di move kalite.

## Pran yon Desizyon ki Eklere

